

Konprann Lèt FEMA w la

Release Date: May 12, 2023

LAKE MARY, Fla. – Sivivan ki te aplike pou asistans nan men FEMA apre gwo tanpèt, tònad ak inondasyon ki te fèt 12-14 Avril yo pral resevwa yon lèt detèminasyon nan men FEMA pa lapòs oswa pa imel.

Lèt la pral eksplike sitiyasyon aplikasyon w lan ak kijan pou reponn. Li enpòtan pou w li lèt la ak anpil atansyon paske li pral gen ladan kantite asistans FEMA ka bay ak enfòmasyon sou itilizasyon apwopriye lajan asistans pou katastwòf.

Aplikan ke yo te refize okòmansman ka sèlman bezwen soumèt plis enfòmasyon oswa dokiman sipò pou FEMA trete yon apèl pou asistans finansye. Gade enstriksyon ki anba a pou depoze yon apèl. Egzanp dokiman ki manke yo ka enkli:

- Prèv kouvèti asirans
- Règleman reklamasyon asirans oswa lèt refi nan men founisè asirans
- Prèv idantite
- Prèv lokatè
- Prèv pwopriyete
- Prèv ke pwopriyete ki andomaje a te rezidans prensipal aplikan an nan moman dezalas

Si w gen kesyon sou lèt ou a, rele liy asistans pou katastwòf la nan 800-621-3362 pou w konnen ki enfòmasyon FEMA bezwen.

Yo gendwa egzije yon enspeksyon FEMA pou yo ka detèmine si yon kay an sekirite, aksesib epi si moun ka itilize l. FEMA konsidere faktè sa yo nan enspeksyon kay la:

- Sistèm chofaj, vantilasyon ak èkondisyone (HVAC).
- Aksè ak sòti, ki gen ladan wout prive, pon prive, ak waf prive.
- Bloke, nivelman, ak ankraj yon kay mobil, epi rekonekte oswa retabli egou, dlo, elektrik, lwil, ak rezèvwa gaz yo.



FEMA

Page 1 of 3

- Eksteryè kay la estriktirèlman bon, ki gen ladan pòt yo, do kay la ak fenèt yo.
- Elektrisite, gaz, chalè, plonbri ak egou oswa sistèm septik yo fonksyone byen.
- Zòn ki abitab anndan an estriktirèlman bon, ki gen ladan plafon an ak planche yo.
- Kay la kapab fonksyone kòm previ.
- Gen aksè san danje pou ale ak soti nan kay la.

Èd FEMA a pa menm jan ak yon asirans. Asistans FEMA sèlman bay lajan pou travay debaz pou fè yon kay abitab, tankou atik tankou twalèt, do kay, sèvis piblik enpòtan, fenèt ak pòt.

Konteste Desizyon FEMA a

Aplikan ki pa dakò ak desizyon FEMA a, oswa kantite asistans lan, ka soumèt yon lèt apèl ak dokiman ki sipòte reklamasyon yo, tankou estimasyon yon kontraktè pou reparasyon kay la, oswa dokiman ki manke jan sa dekri nan lèt detèminasyon an.

FEMA pa ka double èd yon lòt sous ap ba ou, tankou règleman asirans. Men, si w pa gen ase asirans ou ka resevwa plis èd pou bezwen ou genyen ki pa konble yo apre reklamasyon asirans yo fin regle lè w annik soumèt yon kopi règleman asirans lan oswa dokiman refi a bay FEMA. FEMA pa bay asistans pou peye franchiz asirans yo.

Kontestasyon yo dwe fèt alekri. Nan yon lèt ki siyen epi ki gen dat, ou dwe eksplike rezon kontestasyon w lan. Li ta dwe gen ladan tou:

- Non konplè aplikan an
- Nimewo Dezas (DR-4709 pou gwo tanpèt, tònad, ak inondasyon nan Konte Broward)
- Adrès kay prensipal la anvan katastwòf la te rive
- Nimewo telefòn ak adrès aktyèl aplikan an
- Nimewo aplikasyon FEMA sou tout dokiman yo

Si yon lòt moun ki pa oumenm oswa yon ko-aplikan ap ekri lèt ou a, moun sa a dwe siyen lèt kontestasyon an, epi ou dwe bay FEMA yon deklarasyon ki siyen ki otorize moun nan pou l'aji nan non w.



FEMA

Lèt kontestasyon ou a dwe gen tenb lapòs sou li nan espas 60 jou apre dat lèt detèminasyon an. Lèt ak dokiman sipò yo ka soumèt bay FEMA pa faks, lapòs oswa atravè yon kont FEMA sou Entènèt. Pou kreye yon kont sou entènèt, ale sou [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov), klike sou "Apply Online" epi suiv enstriksyon yo.

Pa lapòs: FEMA National Processing Service Center, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-7055

Nan Faks: 800-827-8112 Attention: FEMA

Pou yon videyo aksesib sou fason pou aplike pou asistans ale nan, [FEMA Aksesib: Twa Fason pou Enskri pou Asistans FEMA pou Katastwòf](#).

Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyonnan Florid, vizite [floridadisaster.org/info](https://www.floridadisaster.org/info) ak [fema.gov/disaster/4709](https://www.fema.gov/disaster/4709). Swiv FEMA sou Twitter sou [FEMA Region 4 \(@femaregion4\) / Twitter](#) epi sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).



FEMA